Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, тIинкье, нилъ гьечIого, хур.

# Гумбет



www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

## Гумбет районалъул газета

№ 15 (6803) 18 апрель 2022 с. Итни Рамазан 1443 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Гъалип Гъалипов: «Исана Бергьенлъиялъул къо Бакълъулазул ракьалда дагъабги къиматалда, кIодого тIобитIизе буго»

### Проектал гIумруялде рахъинариялъулги бицана

**Араб анкьалъ Бакълъулазул районалъул администрациялда федералиял, регионалиял проектал нухдаинариялъул суалал гьоркьор лъураб данделъи тIобитIана муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул бетIерлъиялда. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал ва бакIалъулал идарабазул вакилзабаз. Гъалип Гъалиповас ракIалде щвезабуна программаби гIумруялде рахъинари кIвар цIикIкIараб иш букIин. Гьесул рагIабазда рекъон, кьун руго документал «БакIалъулаб байбихьи» ва цогидал проекталъе районалъул бакIал ккезаризе.**



2022-абилеб соналъул 12-абилеб апрелалда Гъалип Гъалиповас гьединго КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 77 сон иналъул хIурматалда байрам тIобитIиялде хIадурлъиялъул оргкомитеталъул заседаниеги тIобитIана. Тадбир рагъулаго, Гъалип Гъалиповас баян гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи боси къиматаб даражаялда тIобитIи тIадаб иш букIин.

«Исана Бергьенлъиялъул къо Бакълъулазул ракьалда дагъабги къиматалда, кIодого тIобитIизе буго. Нилъер пачалихъалъ къиматаб бутIа лъуна фашизмаялдаса дунял эркен гьабиялъулъ. Жакъа улкаялъул нухмалъулев Владимир Владимирович Путинил хIукмуялда рекъон Украина эркен гьабулеб буго неофашистаздаса. Иргадулаб нухалъ Россиялъ хIаракат бахъулеб буго дунялалда фашизмалъул кIкIуй тIибитIочIого букIине. Щивасда тIадаб буго КIудияб Бергьенлъи босиялъул ритIухъаб тарих цIунизе ва наслабахъе гьеб щвезе жигар бахъизе. Районалъул киналго росабалъ унел руго 9 Маялде хIадурлъиялъул хIалтIаби»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# «РакIалдещвеялъул ах»

### ВатIан бокьиялъул ва тIабигIат цIуниялъул тадбирал тIоритIана бакълъулаз

**Чалаби МухIамадовасул цIаралда бугеб МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалда араб анкьалъ гIуцIана «РакIалдещвеялъул ах» абураб акциялда рекъон гъутIби чIей. ТIабигIаталъулаб тадбир тIобитIана Бакълъул районалъул нухмалъулесул гIакълучи Шамил Мажидовасул, «Сельсовет Мехельтинский» поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировасул, «Гумбет» РИОялъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудиновасул, цIалул идараялъул директор Эльмира МухIамадовалъул, гьелъул заместитель Рамазан МухIамадовасул, рохьил магIишаталъул вакилзабазул, цIалдохъабазул ва цогидазул гIахьаллъигун.**



КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 77 сон иналъул хIурматалда тIобитIараб акциялда рекъон гъутIби чIана ЦIияб ЦIиликь росулъги. Тадбиралда гIахьаллъарав муниципалитеталъул бетIерасул кумекчи ГIалихан ДавудхIажиевасул рагIабазда рекъон, «РакIалдещвеялъул ах» абураб акциялда рекъон гьеб росулъ 20 гъветI чIана ва сверухълъи кьищниялдаса бацIцIад гьабуна.

ЦIияб Аргъвани росдал гIадамазги гIахьаллъи гьабуна цебе рехсараб тадбиралъулъ. Гьедин, маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей Напилат Къадиевалъул ва библиотекаялъул нухмалъулей Багистан ГIумаровалъул хIаракаталдалъун гIуцIана рацIцIалъи гьабиялъул ва гъутIби, тIугьдул чIеялъул хIалтIаби. ИчичIали росдал КДЦялъул вакил МухIамад Ханакаевасул жигаралдалъун ва лъималазул гIахьаллъигун гIуцIана гьединалго тадбирал.

Ингишо ва Гьарадирихъ росабазул маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулел Гъ. Гъойтимировасги А. НурмухIамадовалъги тIоритIана ихдалил хIалтIаби: бакъвараб хералдаса, рукIарахъиналъул хутIелаздаса сверухълъи бацIцIад гьабуна, гъутIби чIана. Тадбирал гIуцIаразул рагIабазда рекъон, тIабигIат цIуниялъул ва цогидал тадбиразулъ гIахьаллъиялъ лъималазул ВатIаналде, тIабигIаталде бугеб бербалагьи лъикIлъизабула, сверухълъи цIунизе гьира базабула. «РакIалдещвеялъул ах» абураб акциялда рекъон бакълъулазул цогидал росабалъги чIана гъутIби.

**Макка МухIамадова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Бакълъулазул нигIматал – МахIачхъалаялда тIобитIараб росдал магIишаталъул базаралда**

- 2 гьум.



**«ТIоцебесеб ржен»**

- 2 гьум.



**УхIумагIали ХIусейнов БихьинчилъиялъулаБ орденалъе мустахIикълъана**

- 3 гьум.



**Сайгидин УхIумасултанов: «Владимир Владимирович Путинил сиясат дица рикIкIуна битIараблъун»**

- 3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ГIали-хIажи

№ 15 18 апрель 2022 с.

РОСДАЛ МАГIИШАТ

# Бакълъулазул нигIматал – МахIачхъалаялда тIобитIараб росдал магIишаталъул базаралда

### Дагъистаналъул экономика цебетIезе мурадалда

**Бакълъул районалъул росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовасул бетIерлъиялда муниципалитеталъул вакилзабаз гIахьаллъи гьабуна Минсельхозпродалъул жигаралдалъун МахIачхъалаялда, Александр Пушкинил къватIалда, тIобитIараб Республикаялъулаб росдал магIишаталъул базаралда. АнцIгоГIанасеб машина цIураб рацIцIадго гIезарурал кванил нигIматал рачIун рукIана бакълъулаз базаралде.**




Республикаялъулаб росдал магIишаталъул базар, арал соназго гIадин, исанаги тIобитIана ГъоркЬ Инхо росулъ. Россиялъул регионаздеги уна нилъер мухъалда гIезарурал пайдаял нигIматал. Районалда руго тайпадулаб боцIи гIезарулел магIишатал. Гьедин, «Мехельтинский» СПК, «Чед» КФХ, «Интеграл» КФХ ва цоги магIишатал ккола батIи-батIиял къецазда бергьенлъаби росарал магIишатал. Исана тIобитIараб росдал магIишаталъул базаралда гIахьаллъараз Донбассалъул гIадамазе кумек гьабизе мурадалда ханжу, чакар, нах ва гь. ц нигIматалги росана.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪАЙ – ХАЗИНА

# «ГIаммаб диктант» тIобитIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалда

### МугIалимаз ва цIалдохъабаз лъаялъул халгьабуна

**МелъелтIа росдал Чалаби МухIамадовасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби ва мугIалимал гIахьаллъана ТIолгороссиялъулаб «ГIаммаб диктант» абураб акциялда. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна батIи-батIиял гIелазул 35 чияс. Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул ва жиндирго рахъалдасан акциялда салмалъулаб кIалъай гьабуна администрациялъул вакил ГIабдурахIман Дайтмирзаевас.**




гIахьаллъизе бегьула жинсалъухъ, гIелалъухъ, лъаялъухъ балагьичIого. Гьеб диктант хъваялъулъ гIахьаллъаразда мисал босун, цогидазда ракIалда ккезе бегьула нижецаги халгьабилин лъаялъул даражаялъул. Тавпикъ кьеги нахъеги гьадинал тадбиразулъ гIахьаллъизе»,-ян абуна ГIабдурахIман Дайтмирзаевас.

«Рохизе ккараб иш буго лъай борхизабизе къасдгун гьаб тадбиралда гIахьаллъизе нужеца хIукму гьаби. «ГIаммаб диктант» - гьеб буго жамгIияб проект, гьенир

ЦIалул идараялъул нухмалъулей Эльмира МухIамадовалъул рагIабазда рекъон, «ГIаммаб диктант» хъваялъ лъай борхизабула ва маданиялгун рухIиял рахъал церетIезарула. Диктант цIалана МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалъул гIурус мацIалъул ва адабияталъул мугIалим Зайнап МухIамадовалъ.

**«Гумбет» РИО**

РАКЕТАБАЗУЛ ГIАСРУ

# «ТIоцебесеб роржен»

### Авиациялъул ва космонавтикалъул къо кIодо гьабуна

**2022-абилеб соналъул 12-абилеб апрелалда Бакълъул районалъул централияб библиотекаялда МелъелтIа росдал аслияб школалъул цIалдохъабазул гIахьаллъигун «ТIоцебесеб роржен» абураб лъаялъулаб сагIат тIобитIана Авиациялъул ва космонавтикалъул къоялда хурхун.**

Тадбиралъул авалалда лъималазда бихьизабуна «ЦIвабзазде нух» абураб тIахьазул цебелъей. Хадуб цIалдохъабазе бицана инсанасе мутIигIал гьудулзаби – гьаби Лайка, Стрелка, Белка тIадгьаваялде роржиналъул ва тIоцеве космосалде воржарав Юрий Гагаринил хIакъалъулъ. ЧIикь росдал школалъул 7-абилеб классалъул нухмалъулей Р. Шайидхановалъ «Иллюминаторалъусан Ракь» абураб темаялда тIасан классалъулаб сагIат тIобитIана.



Байрамалъулаб тадбир гIуцIана Сахрат МухIамадовасул цIаралда бугеб МелъелтIа росдал аслияб школалдаги ЦIалул идараялъул директор Зульфия ХIажимурадовалъ ва мугIалимаз ракIалде щвезабуна космосалде тIоцеве гIадан воржиналъул тарих, машгъурал космонавтазул гIумрудул нухазул баяналги гьаруна лъималазе.

ЦIияб ЦIилихь маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директор А. Гьойтимировас «ТIадгьава мукIур гьаби» абураб тадбир тIобитIана. Гьес бицана Юрий Гагариние майор абураб цIар щвеялъул ва цогидал гьесул гIумруялда хурхарал хIужабазул. ЦIияб Аргъвани росдал цIалдохъабиги гIахьаллъана кIвар цIикIкIарал тадбиразулъ. Гьединго ЦIияб Данухъ, ЦIилихь, ЛъаратIа Ингишо, Нарыш росабазул цIалдохъабазе мугIалимаз, маданияталъул хIалтIухъабаз баянал гьаруна ва сухIмат-кеп гIуцIана тIолгодуняалъул космонавтикалъул къоялда хурхун.

**Макка МухIамадова**

КЪУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ...

# ЧIиркъатIаса ясал – хунздерил волейболалъул командаялда гъорлъ цере рахъана

### Махщел тIокIаб хIаялъухъ – шапакъатал

**МахIачхъалаялда Дагъистаналъулаб волейболалъул централда тобитIана Мингажудин МухIамадов ракIалдещвеялъул 2004 - 2005-абилел соназул васазда**

ЧIиркъатIаса ясаз бихьизабуна махщел цIикIкIараб ва берцинаб хIай. Гьедин, Хадижат ГIабдулатIипова, ХIалимат ГIалиева, Шамсужиган МухIамадтIаминова ша-



**ва ясазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе гIоло тIоритIулел къецал. ТIоцебесеб бакI босараб Хунзахъ командаялда гъорлъ Бакълъул районалъул ЧIир-къатIа росулъа ясалги хIана.**

Чакар Шихшалаевалъ тарбия кьурал волейбол хIалел пакъатаздалъун кIодо гьаруна. Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас ясазда ва тренералда баркана лъикI церерахъин, гьарана щулияб сахлъи, халатаб гIумру, сундулъго икъбал.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ШКОЛАЛДА ФУТБОЛ

# Игьелдерил ва кIкIаралазул къокъабазда гьоркьоб – футболалъул рахъалъ къецал

**Бакълъулазул районалъул Игьали росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазул ва ГIахьвахъ районалъул КIкIаратIа росдал школалъул командабаз гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул школалъулаб футболалъул лигаялъул зоналияб бутIаялда. Тадбир тIобитIана Игьали росдал футбалъул байданалда.**



Къецал рагьулаго, кIалъазе рахъана Бакълъул районалъул лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, районалъул администрациялъул вакил Камил МухIамадбегов, Игьали росдал гьоркьохъеб школалъул директор СагIид МухIамадов, гьесул заместитель ГIиса Шарапудинов ва цогидал.

ХIаязул хIасилалда Игьали школалъул микьабилеб классалъул команда кIкIаралазул командаялдаса бергьана, КIкIаратIа росдал 5,6,7-абилел классазул командабаз бергьенлъи босана гьеб гIелазда гьоркьоб. Къецал тIоритIун рукIана «Школалда футбол» абураб федералияб проект нухдаиниялда рекъон.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

## Сайгидин УхIумасултанов: «Владимир Владимирович Путинил сиясат дица рикIкIуна битIараблъун»

**Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъа 92 сон барав захIматалъул ветеран, дунялалъул тIоцебесеб ва кIиабилеб рагъазул гIахьалчиясул вас Сайгидин УхIумасултановас Россиялъул нухмалъулев Владимир Владимирович Путинил сиясат ва гьес Украина неофашистаздаса эркен гьабизе мурадалда тIобитIараб хасаб рагъулаб операция ритIухъаблъун рикIкIин загьир гьабуна.**



«Нижер эмен, дунялалъул ТIоцебесеб рагъул гIахьалчи, 1942-абилеб соналъ жиндиего бокьун фронталде ана. Гьениса, захIматго лъукъун вачIарав гьев, моцIидасан рокъов хвана, эбел гьесдаса дагьалъ цудун хун йикIана. Гьедин, хутIана лъабабго лъимер бесдалго, гьитIинго бихьана рагъул захIмалъи ва кьогIлъи.

Механизаторасул махщел щвана дие ва хIалтIизе лъугьана гIагараб колхозалде, захIматал соназ вехьлъунги хIалтIана. Жакъа сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъ ракIалде щвезабуна дунялалъего къор гъезейин лъугьарал фашистазул вахIшилъи, гIун бачIунеб гIелалъ, руччабаз ва цогидаз бихьизабураб къо хIехьеялъул мисал.

Нилъер Президент Владимир Владимирович Путинил сиясат дица рикIкIуна битIараблъун. ГIемер гьарана мадугьалихъ бугеб Украиналъул нухмалъулесда Россиялъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул къотIи-къай хвезабугеян, фашистазул пикраби ругезул рахь ккогеян. Халкъалъул парахалъи, роцIцIараб зоб ва цIиял гIелал цIунизе мурадалда хIадурав вуго Владимир Путиница Украиналда рагIинабураб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъизе»,- ян абуна Сайгидин УхIумасултановас.

УхIумасултановасе щвана гIемерал шапакъатал, ккола захIматалъул ветеран, ахирал сонազе щвезегIан гьабулаан хур-хералъул хIалтIаби, жакъа щибаб къойил гьев лъелго хьвадула 5 км манзилалда.

**«Гумбет» РИО**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

## Налъиги налогги гIужда кьезе ккола

### Балъго хIалтIулел майнинг-фермабазухъ тамихI гьабизе буго

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас налогал ракIариялъул хIасилал лъикIлъизариялъул, КIудияб Бергьенлъиялъул байрамалде хIадурлъиялъул ва цогидал суалал рорхараб данделъи тIобитIана. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъулесул заместителал Малик Маликовас, МухIамад КаримухIамадовас, финансовияб управлениялъул нухмалъулев РурухIма Халидовас, Россиялъул Дагъистаналда бугеб ТОРМ МРИ № 12 ФНСялъул кIудияй Асият ГIумарахъаевалъ ва цогидаз.**

Россиялъул Бакълъул районалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралев, полициялъул подполковник Жамалудин Исраповас рехсана бухIараб токалъухъ кьечIеб гIарцул къадаралъул. Районалда кинабниги бухIараб токалъухъ кьун гьечIо 62 млн гъурущ, гьелда гьоркьосан: 52 млн гъурущ – физическиял лицаби, 2 млн – юридическиял, промышленносталъул бакIал – 970 азарго гъурущ.

Гьединго Исраповас тадбиралда борхана законалъ гьукъарал майнинг-фермабазул суалалги. Гьесул рагIабазда рекъон, балъго майнинг-фермаби хIалтIизариялъ гьоркьоса къотIичIого ток чIезабиялъе квалквалал гьарулел руго. Дандеруссиналъул ахиралда Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас хитIаб гьабуна киналго тайпабазул налогал, бухIараб токалъухъ гIарац бакIариялъул хIалтIаби лъикI гIуцIени ва цогидал масъалаби тIуразе жигарго хIалтIеян.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## УхIумагIали ХIусейнов Бихьинчилъиялъулаб орденалъе мустахIикълъана

### Бакълъулал – ВатIан цIунулезул тIоцебесеб кьерда

**Украина неофашистаздаса эркен гьабиялъул хасаб рагъулаб опрациялъулъ бихьизабураб гьунаралъухъ Бакълъул районалъул ЛъаратIа росулъа УхIумагIали ХIусейновасе Бихьинчилъиялъулаб орден кьуна. Муниципалителъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас ХIусейнов УхIумагIали Гьайирбеговичасда баркана шапакъаталъе мустахIикълъи, гьарана щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва кинабго лъикIабщинаб. Гъалиповас гьединго баркала загьир гьабуна гьесул умумузе ВатIан цIунизе хIадурав вас гIезавуралъухъ.**



«Бакълъул районалда чIаго руго бахIарчилъиялъул гIадатал, ВатIаналъе хIинкъи бугел къоял гьеб цIунизе хIадурлъуразул тIоцебесел кьерда рукIуна бакълъулал. Украина неофашистаздаса бацIцIад гьабизелъун Россиялъул нухмалъулев Владимир Владимирович Путиница рагIинабураб хасаб рагъулаб операциялъулъги жигарго гIахьаллъулел руго бакълъулал»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## КIудияб Бергьенлъиялъул хIурматалда – фильмал

**КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 77 сон иналда хурхун Россиялъул халкъазда гьоркьосеб гIадатияб маданияталъул централда байбихьана рагъул хIакъалъулъ фильмал рихьизариялъул акция.**



**Бакълъул районалда бугеб централда байбихьана рагъул хIакъалъулъ фильмал рихьизариялъул акция.**

ТIоцебе бихьизабураб фильмалъухъ балагьизе рачIун рукIана МелъелтIа росдал школазул цIалдохъаби. ГЦТКНРялъул хIалтIухъабазул кIудияб гьари буго муниципалитеталъул цогидал росабазул школазул цIалдохъабаде ва бакълъулазде фильмахъ балагьизе рачIаян.

**«Гумбет» РИО**

## Разъяснения ГУ ОПФР по РД в Гумбете по выплатам от 8 до 17 лет

**Обратиться за ежемесячной выплатой можно будет с 1 мая 2022 года, направлять заявление ранее этого срока нецелесообразно, так как до этого срока в настоящее время рассмотрение заявлений проводится по правилам, действующим для одиноких родителей при наличии решения суда о назначении алиментов.**

Ежемесячная выплата на детей с 8 до 17 лет устанавливается при условии, что на 1 апреля ребенку исполнилось 8 лет, но еще нет 17 лет. Выплату назначат при условии подачи заявления в мае, начиная с 1 апреля 2022 года, то есть при обращении в мае первая сумма придет сразу за два месяца (апрель и май). Заявление, начиная с мая, можно будет подать через портал госуслуг, после того как соответствующая форма появится на ЕПГУ, а также лично в ПФР или через МФЦ. Право на получение ежемесячной выплаты имеет один из родителей или иной законный представитель ребенка, являющийся гражданином России и проживающий на территории России, при условии, что ребенок также является гражданином России и проживает на территории РФ.

Базовый размер выплаты составляет 50 % регионального прожиточного минимума на ребёнка. Если при назначении выплаты в размере 50% регионального прожиточного минимума на ребёнка среднедушевой доход семьи меньше прожиточного минимума, выплата будет назначена в размере 75% регионального прожиточного минимума на ребёнка. Если при назначении выплаты в размере 75% регионального прожиточного минимума на ребёнка среднедушевой доход семьи меньше прожиточного минимума выплата будет назначена в размере 100% регионального прожиточного минимума на ребёнка. Чтобы получать выплаты необходимо иметь банковский счет, привязанный к карте МИР. Среднедушевой доход всех членов семьи рассчитывается по следующей формуле: доходы всех членов семьи за 12 месяцев, предшествующих 4 месяцам до обращения (12), количество всех членов семьи (например, в доходе учитываются 12 месяцев 2021 года, при условии обращения в мае и т.д.). Эта выплата, как и другие меры для поддержки нуждающихся семей, будет назначаться по итогам комплексной оценки нуждаемости.

То есть, будут учитываться доходы, имущество и наличие заработка или объективных обстоятельств его отсутствия (правило «нулевого дохода»). Если в семье несколько детей этой возрастной категории, выплата назначается на каждого ребенка в возрасте от 8 до 17 (16 лет включительно). Сейчас по аналогичным принципам назначаются пособия на детей от 3 до 7 лет органами социальной защиты населения. Порядок и условия назначения выплат в настоящее время находятся в высокой степени готовности.

**Нурухма Магомедов, руководитель КС ГУ ОПФР по РД в Гумбетовском районе**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## «Дети России-2022»

**В селах Гумбетовского района прошли мероприятия в рамках 1-го этапа МКОПО «Дети России-2022».**

Накануне в селах Мехельта и Чирката Гумбетовского района в целях профилактики наркомании, экстремизма и



иных социально-негативных явлений в молодежной среде были организованы встречи со школьниками. Мероприятия прошли с участием инспектора ПДН, капитана полиции Алиасхаба Юсупова, ведущего специалиста Абдулы Магомедова, специалиста КДН и ЗП администрации района Саида Убайдулаева, глвного врача участковой больницы с. Чирката Шарипова Магомеда, участкового педиатра с. Чирката Ордашовой Рахимы и др.

В рамках встречи учащимся образовательного учреждения рассказали о вреде наркотиков, пагубности и последствиях их употребления. Помимо этого, школьникам поведали о том, с какими опасностями они могут столкнуться в социальных сетях, а также предостерегли их от совершения противоправных действий.

Особое внимание было уделено вопросам информационного и идеологического противодействия проявлениям экстремизма и терроризма.

**А. М. Гаджиев,**
**заместитель начальника**
**ОМВД России по**
**Гумбетовскому району**

СТРАНА ГОР

## В Дагестане проведут масштабный субботник по очистке рек

**В рамках совещания по проблемам, выявленным ЦУР РД, был озвучен вопрос экологической ситуации вокруг рек Дагестана.**



Министр природных ресурсов и экологии РД Ибрагим Ибрагимов заверил, что после месяца поста на реках Аварское Койсу и Андийское Койсу проведут масштабный экологический субботник с участием 16 муниципалитетов. Об этом сообщает официальный сайт Главы РД. Отметим, что населённые пункты Дагестана готовятся встречать 9 Мая – День Великой Победы. В республике идут субботники, приуроченные к этой знаменательной дате.

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## День ветерана органов внутренних дел и внутренних войск Российской Федерации

**17 – апреля в истории МВД России все ветераны органов внутренних дел отмечают профессиональный праздник «День ветеранов органов внутренних дел», введенный приказом министра внутренних дел РФ от 12.08.2010 года № 580.**



В честь этого праздника 17.04.2019г. в ОМВД России по Гумбетовскому району с приглашением ветеранов органов внутренних дел была организована и проведена встреча с личным составом ОМВД.

Председатель совета ветеранов ОМВД России по Гумбетовскому району Амагаев Амага Асламханович открыл встречу со словами поздравлений в адрес ветеранов ОВД с их профессиональным праздником, пожелал им здоровья спокойствия и домашнего уюта. Довел до всех участников встречи значимость ветеранской организации в системе ОВД в воспитании молодых сотрудников и молодежи на примерах мужества, отваги и героизма. Со словами напутствий также выступил ветеран ОВД Нажуев Нажу Ухумагазиевич.

Ветераны принимают активное участие во всех мероприятиях проводимых в коллективах подразделениях Отдела МВД России по Гумбетовскому району. Проводятся совместные с личным составом ОМВД мероприятия , в том числе;

- по патриотическому воспитанию и повышению престижа службы и пропаганде лучших традиций , по пропаганде законности , правопорядка и профилактики преступности, по укреплению дисциплины.

В первичной ветеранской организации отдела МВД России по Гумбетовскому району насчитываются -139 пенсионеров.

От имени личного состава поздравил ветеранов ОВД Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции Гаджиев Али Магомедович и отметил значимость ветеранов ОВД в воспитании, как сотрудников полиции, так и подрастающего поколения на примерах своего мужества и патриотизма.

Ветеранов также поздравили все сотрудники полиции, поблагодарили их за помощь и сотрудничество в созидательной работе.

**А. М. Гаджиев,**
**заместитель начальника**
**ОМВД России по**
**Гумбетовскому району**

СТРАНА ГОР

## В МФЦ РД начался прием документов для получения субсидий на развитие мясного животноводства

**Планируется субсидирование по следующим направлениям: - возмещение части затрат на поддержку собственного производства молока в Республике Дагестан; - поддержка племенного животноводства в Республике Дагестан; - возмещение части затрат, понесённых в отчетном финансовом году на развитие мясного животноводства, по ставке на 1 голову сельскохозяйственного животного, за исключением племенных животных.**




Прием заявок 5 апреля 2022 года , окончания приема заявок 4 мая 2022 года. - возмещение части затрат на возмещение мясного животноводства в Республике Дагестан.

Прием заявок 7 апреля 2022 года ,окончание приема заявок 6 мая 2022 года. Подать заявление для участия в программе можно во всех филиалах МФЦ Республики. Порядок предоставления субсидий размещён на официальном сайте Министерства сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан www.mcxrd.ru в разделе «Животноводство».

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## В Гумбете провели акцию «КавкаZ Zа наших»

**13 апреля 2022 года в Гумбетовском районе состоялась акция «КавкаZ Zа наших» в поддержку военнослужащих, которые принимают участие в специальной операции на Украине.**

В рамках мероприятия, в котором приняли участие представители администрации муниципалитета, руководители и работники учреждений и организаций, были розданы наклейки #КавкаZ Zа наших. Акция «КавкаZ Zа наших» запущена по инициативе аппарата полномочного представителя Президента Российской Федерации в СКФО.

Напомним, что в рамках Республиканской сельскохозяйственной ярмарки, состоявшейся в марте в селе Нижнее Инхо Гумбетовского района, был организован сбор гуманитарной помощи жителям Донбасса. Представителями администрации района и жителями муниципалитета были закуплены для ДНР и ЛНР мешки муки, сахара и другие продукты первой необходимости.

Также в районе была проведена масштабная акция «За наших».

**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъорк
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.